

# PREPARASYON POU YON KOLONOSKOPI

LISTWA SANDRA



## Felisitasyon!

Si w ap pale ak doktè ou an konsènan planifikasyon yon tès depistaj kolonoskopi — yon pwosedi w ap sibi pou konfimasyon sante trip ou — ou pran yon mezi enpòtan pou w rete an sante pou ou menm ak fanmi w.

## Rezon pou Pran Desizyon Enpòtan sa a

Kansè nan trip aji sou gason ak fanm tout ras ak gwoup etnik yo. An mwayèn, apeprè yon (1) moun sou 23 ap gen kansè nan trip nan lavi yo. Detekte li bonè pandan yon kolonoskopi kapab anpeche fòmasyon kansè nan trip.\*

Yon pwosedi kolonoskopi se sèl metòd tès depistaj ki kapab vrèman anpeche kansè nan trip nan moman tès depistaj lan. Sa se paske pandan yon kolonoskopi, doktè an kapab retire polip yo — ti bout chè yo kapab tounen kansè si yo rete pou kont yo — avan yo tounen kansè. Pwosedi kolonoskopi an pran apeprè 30 minit epi se yon pwosedi pasyan ki pa dòmi lopital, ki vle di w ap tounen lakay ou nan menm jou pwosedi an.

## Kijan pou Prepare pou yon Tès Depistaj Kolonoskopi

Nouvo prezantasyon sa a, avèk Sandra, te kreye pou ede w pare pou kolonoskopi ou an. Sandra se youn nan plizyè milye moun ki te fè tès depistaj nan Vil New York nan lane ki sot pase an. Pandan w ap li listwa Sandra a, ou pral aprann sa yo:

- Rezon yo pou fè yon kolonoskopi
- Kijan pou prepare w pou yon kolonoskopi, ki gen ladan li enfòmasyon konsènan preparasyon entesten an, yon pwosesis ki nesosite pou pran medikaman nan bouch, an jeneral sou fòm likid osinon grenn.
- Kisa pou w espere anvan epi aprè yon kolonoskopi

Dènye paj nouvo prezantasyon an gen plis enfòmasyon ak zouti pou ede w prepare, ki gen ladan li yon lis kesyon ou kapab poze nan pwochen vizit ou lakay doktè ou an.

\* Gwoup Travay Ameriken sou Estatistik Kansè. Estatistik sou Kansè nan peyi Etazini: Rapò Baze sou Entènèt sou Ensidan ak Mòtalite 1999–2014. Atlanta, GA: Depatman Sante Ameriken ak Sèvis Imen, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi epi Enstiti Nasyonal Kansè; 2017. Disponib nan [cdc.gov/uscs](http://cdc.gov/uscs).

# TWA JOLI ANYAN KOLONOSKOPI AN

NAN MAGAZEN AN

## LIS SA POU ACHTE


- Ji pòm
- Dlo kokoye
- Jenjerèl (Bwasan ki fèt ak jenjann)
- Bwasan espò
- Te
- Kafe
- Dlo Bayon pou

\*Anyen ki gen koule wouj ble osinon mòv

ANN GADE... KISA  
POU MWEN PRAN POU  
PREPARASYON KOLONOSKOPI  
MWEN AN? ENFIMYÈ AN TE  
DI PA PRAN MANJE AK LIKID  
WOUJ, MÒY OSWA BLE.  
ANYEN KI TA KAPAB SANBLE  
AK SAN NAN TRIP MWEN.

SI MWEN PA  
KAPAB WÈ ATRAVÈ  
LI, DONK MWEN PA  
KAPAB PRAN LI. JI  
PÒM TA DWE BON.


...KOUNYA POU  
PRAN REMÈD  
POU PREPARE  
ENTESTEN AN...



Wow... GWO  
GALON SA A SE  
POU PREPARASYON  
REMÈD ENTETEN  
AN?

WI. L AP NETWAYE  
KOLON OU - GWO  
TRIP OU.

EPI SAVÈ SA  
PRAL EDE LI GEN  
PI BON GOU.



KISA PWOSEDI AN  
AP YE? AARON TE  
GEN YOUN AYAN.  
PETÈT LI KAPAB  
DI MWEN...



Tout Kontak


Aaron

Abbott

Alex

Ali

Art



ALO? OH,  
EY SANDRA.  
KI JAN W YE?

EY AARON. ÈSKE W  
PA TE FÈ YON TÈS  
DEPISTAJ POU KANSÈ  
NAN TRIP PA TWÒ  
LONTAN SA?

WI. KOLONOSKOPI AN  
PAT TWÒ MAL. PA ENKYETE  
W KONSÈNAN PWOSEDI AN.  
PREPARASYON ENTESTEN  
AN SE PATI KI PI  
DIFISIL LAN.

POUKISA LA?

LI TE GEN ANPIL  
BAGAY POU BWÈ. EPI  
APRÈ MWEN TE GEN POU  
MWEN ALE NAN TVALÈT  
PANDAN ANPIL TAN. MWEN  
TE FÈ DISTANS 50 MÈT  
LAN 15 FWA...



WOW... MWEN PA  
TE KONNEN TE GEN  
TOUT BAGAY SA  
POU PREPARASYON  
ENTESTEN AN.

OU KAPAB JWENN  
PLIS ENFÒMASYON  
APATI NAVIGATÈ OU  
AN. LI TE BA W  
KAT LI, PAYRE?  
RELE LI!

MWEN PRAL FÈ SA  
KOUNYA LA. MÈSI,  
AARON!




Katie Smith  
Navigatè Kolonoskopi

Telefòn: 555-536-7689  
Imèl: katie.smith@cp.co

BONJOU, SE SANDRA. MWEN  
GEN YON KOLONOSKOPI K AP  
VINI LA NAN KÈK JOU, EPI  
MWEN TA RENMEN GENYEN  
KÈK ENFÒMASYON KONSÈNAN  
PREPARASYON MWEN.

WI, MWEN KAPAB EKSPLIKE  
PWOSESIS LAN ETAP PA  
ETAP. LI ASE SENP - GEN  
TWA (3) BAGAY PRENSIPAL  
POU SONJE:

1. FÈ YON REJIM LIKID  
KI KLÈ SÈLMAN JOU  
AVAN AN.
2. FINI BWÈ TOUT  
PREPARASYON  
ENTESTEN AN.
3. MANDE YON MOUN  
MENNEN OU LAKAY OU.



YIZAJ SA W FÈ  
LÈ YON MOUN  
DI W PA KAPAB  
MANJE GWO  
MANJE TOUT  
JOUNEN.




**TWA JOLI ANYAN KOLONOSKOPI AN**

MWEN DWE TRIYE  
LIKID REJIM MWEN  
AN. ANN GADE  
KISA NOU GEN...

DAKÒ.  
MWEN KAPAB  
FÈ SA.





BONJOU,  
SE SANDRA.


OH, BONJOU SANDRA!  
ÈSKE OU GEN NENPÒT  
KESYON?

SÈLMAN LIKID REJIM  
KI KLÈ DEMEN,  
PAYRE?

WI. AK YON TI  
RAPÈL KONSÈNAN  
MEDIKAMAN...

MWEN P AP PRAN  
OKENN MEDIKAMAN JODI  
AN, JAN DOKTÈ MWEN  
AN TE DI AN.





M AP BEZWEN  
ÈD OU DEMEN.  
SE POU TÈS  
DEPISTAJ KANSÈ  
TRIP LAN.

PA ENKYETE W,  
SANDRA. N AP  
TOUJOU KITE W  
ALE NAN TWALET  
AN PREMYE.

NOU PA PRAL  
MANJE DEYAN W.  
EPI MWEN PRAL  
AKONPANYE W!

NOU BON MOUN  
ANPIL!

*\*SOUPI\*... MWEN SWETE MWEN PA GEN  
KANSÈ. TÈS DEPISTAJ KANSÈ AN PRAL  
DI, MEN MWEN YLE PWOTEJE SANTE  
MWEN. PETÈT YON BON NWT REPO  
PRAL EDE MWEN EKLÈSI LESPRI MWEN...*



**YON JOU ANYAN KOLONOSKOPI AN**

**BONÈ DEMEN MATEN AN**



**Mwatye  
Ak  
Mwatye**

RET TANN... YO TE DI PA  
PRAN PWODWI KI FÈT AK  
LÈT. SI MWEN PA KAPAB  
WÈ ATRAVÈ LI, DONK  
MWEN PA KAB PRAN LI.

LÈ MANJE AN, PI TA NAN JOU SA A...


AMIZE W!

NOU GEN MENM  
BAGAY AK OU!


MÈSI, A NOU  
TOUDE. MWEN PA  
TA KAPAB FÈ SA  
SAN NOU.

ÈSKE W ANFÒM? OU  
PA TE PRAN GWO MANJE  
TOUT JOUNEN AN.

MWEN SANTI  
MWEN BYEN.  
TOUT SA TE SIFI.



DONK, TOUT SA  
MWEN GEN POU FÈ  
SE METE DLO NAN  
REMÈD PREPARASYON  
ENTESTEN AN...



EPI APRÈS KÈK  
SAVÈ POU FÈ LI  
GEN PI BON GOU...



W AP BWÈ  
TOUT SA?



TOUT SOF POU MWATYE.  
SA SE POU DEMEN  
MATEN BYEN BONÈ.



W AP TABLI YON BON  
EGZANP POU FANMI AN,  
SANDRA.

MWEN SONJE  
W TE DI MWEN  
GRANPAPA W TE  
GEN KANSÈ.

WI, LI TE FÈ SA. SE SA  
KI TE MOTIYE MWEN. LI PI  
BON POU RANSEYE W BYEN  
BONÈ PASE TWÒ TA.


PITIT GASON W TA  
DWE ALE FÈ YON TÈS  
DEPISTAJ BYEN RAPID  
TOU. LI TE FENK  
GENYEN 51 LANE.

OH-OH. "KOURI  
ALE NAN TWALET  
(50 MÈT)" PA...






KONBYEN FWA SA  
PRAL PASE?




DIS FWA, PETÈT PLIS.  
LI TE KONSA LÈ PAPA  
W TE FÈ KOLONOSKOPI  
LI AN.



PAPA TE FÈ YON  
KOLONOSKOPI?  
HMM...



**NAN JOU KOLONOSKOPI AN**




MWEN TA DWE FIN  
BWÈ RÈS PREPARASYON  
ENTESTEN AN.






PARE POU  
KOLONOSKOPI W LAN,  
CHERI?



SÈTÈNMAN! PA BLIYE -  
YO P AP KITE MWEN ALE  
LAKAY MWEN SAN MWEN  
PA GEN YON MOUN KI POU  
AKONPANYE MWEN!



PA ENKYETE W; MWEN AP  
LA POU PRAN W! APRÈSA,  
OU KAPAB DI MWEN KIJAN  
SA YE.

BYENVENI! OKE, TWA (3) BAGAY: PREMYEMAN,  
OU LA POU YON KOLONOSKOPI?

WI.

DÈNYE PREPARASYON  
ENTESTEN AN A 5È  
NAN MATEN, APRÈSA,  
ANYEN ANKÒ.

DEZYÈMAN, ÈSKE W TE  
MANJE OSWA BWÈ YON  
BAGAY MATEN AN?

SA BON. TWAZYÈMAN,  
ÈSKE W GEN YON  
MOUN KI POU TOUNEN  
LAKAY AK OU?

WI. MARI MWEN.

TRÈ BYEN. M AP  
FÈ W KONNEN KILÈ  
DOKTÈ AN PARE POU  
LI WÈ W!



NOU PRAL WÈ  
IMAJ TRIP OU YO  
LA A.

KIJAN SA TE  
YE PREPARASYON  
ENTESTEN AN?

MWEN TE BWÈ TOUT NÈT EPI TE  
PRAN SÈLMAN LIKID KI KLÈ AYÈ.  
MWEN SANTI MWEN PWÒP EPI VID.

TRÈ BYEN. KOUNYA KALMAN SA A  
PRAL BA W DÒMI NAN JE, EPI PETÈT  
OU KAPAB PA SONJE KOLONOSKOPI AN  
PITA. PARE POU PWOSEDI OU AN?

MWEN PARE.


NAN SAL DATANT LAN...


HEY! NOU FINI!



KIJAN OU  
SANTI W?


SOULAJE! MWEN  
YON TI JAN  
GRANGOU, SEPANDAN.





ÈY SANDRA! SANBLE  
PWOSEDI W LAN PASE  
BYEN. MWEN TE YLE JIS  
RAPLE W POU W RETE  
TANN POU PRAN IMAJ  
OU YO. LI TA DWE PRAN  
SÈLMAN INÈDTAN.

ÈPI PA  
BLIYE: PA GEN  
ALKÒL JODI AN. ÈPI  
PA FÈ OKENN GWO  
SÒTI ASWÈ AN! JIS  
REPOZE W.



MÈSI POU TOUT ÈD OU  
YO! ÈPI MWEN KONTAN  
MWEN TE FÈ SA. LI BON  
POU MWEN ENVESTI NAN  
SANTE MWEN.

LI SANBLE LI ANFÒM.  
PETÈT SA SE YON  
BAGAY MWEN TA  
DWE FÈ...

## APRÈ KOLONOSKOPI AN

OU VLE FÈ YON BAGAY  
KI GEN PLEZI LADAN L  
KOUNYA? ALE FÈ ACHA?

PA JODI AN.  
PA GEN GWO  
SÒTI, SONJE?

OH, DAKÒ...  
APRÈSA, KIJAN  
SA TE YE?

BYEN. ENFIMYÈ AN  
TE DI YO TE AN  
MEZI POLI PRAN  
IMAJ TOUT TRIP LAN  
KONPLÈ. TOUT NÈT  
JISKA LAFEN.


KISA YO  
TE WÈ?

PA GEN POLIP  
OSINON BOUL  
KI TA KAPAB  
KANSÈ.



MESYE, MWEN  
GRANGO...  


SANDRA, M AP FÈ  
SA W PI RENMEN  
ASWÈ AN!



MÈSI! MWEN  
PA KA TANN!

SA TE YO  
LAPÈN NÈT.  




NOU TRÈ FYÈ DE OU,  
SANDRA!

PETÈT MWEN TA  
DWE FÈ TCHÈK  
POU KANSÈ NAN  
TRIP?

KOUNYA... E  
OU MENM?

## KESYON POU DOKTÈ OU AN

1. Ki tip preparasyon entesten m ap gen pou fè anvan pwosedi kolonoskopi an?
2. Ki lòt medikaman mwen pral gen pou pran anplis preparasyon entesten an?
3. Èske m pral gen pou sispann pran tout lòt medikaman mwen anvan pwosedi an?
4. Konbyen tan mwen pral gen pou pran kòm konje nan travay mwen pou prepare pou kolonoskopi an?
5. Ki tip kalman mwen pral resevwa pandan kolonoskopi an?
6. Konbyen tan yon kolonoskopi pran?
7. E si gen yon polip?
8. Chak kilè mwen dwe ale fè yon kolonoskopi?
9. Ki lòt moun nan fanmi mwen k ap bezwen ale fè yon tès depistaj?
10. Kisa mwen ta dwe fè si mwen pa santi mwen byen aprè pwosedi an?

# **REKONESANS**

## **Evalyate:**

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City  
Department of Health and Mental Hygiene, NYC DOHMH)

Sonia Angell, MD, MPH

Jennifer Brown, PhD

Shadi Chamany, MD, MPH

Kim Kessler, JD

Justin List, MD, MAR, MSc

Sonia Villegas, MA

Rezo Navigatè Pasyan Kolonoskopi NYC DOHMH lan

## **Konsiltan:**

Maryse Georges, MPH

Richard Rosenberg, MD, New York-Presbyterian

Elizabeth Tedrow, MPH

Benjamin Tsang, Atis

